



Ka WÈ

Fè pati nan pwogram Somerville Energy Efficiency Now (SEEN) epi ekonomize lajan nan bil elektrik ak chofaj. Pwogram SEEN nan konekte ou ak remiz yo, estimilan, ak evalyasyon denèji ki pap koute anyen ki soti nan [MassSave](#). [Enskri nan sit entènèt Sustainville la pou evalyasyon denèji gratis la](#). Evalyasyon sa ap genyen amelyorasyon ekonomi gratis tankou anpoul LED ak CFL, tèmosta ki pwograme, ak aparèy robinetri ki fèb, ak anpil lòt ankò. Pwogram sa disponib pou popwiyetè kay ak moun ki lwe kay tou.



Depoze machin nan: Mache,

kondwi Bisiklèt, oubyen pran Piblik transpòtasyon

Entyè emisyon kabòn nan Somerville vini nan kondwi machin. Ede pou kapab redwi emisyon sa yo nan fason wap lese enpe tan siplemantè pou ka mache, kondwi bisiklèt, oubyen pran transpòtasyon piblik olye de kondwi. Lè w mache ak monte bisiklèt se yon bon fom degzezi li ye epi li ede w pou kapab an sante.

Somerville kontinye ap enstale bisiklèt pou lwe ak makaj nan lari a pou ka kenbe bisiklist ak pyeton an sekirite. Menm si ou kondwi bisiklèt ou pa, ou dwe revise [makaj ak siy pou bisiklèt nan lari a](#).



Lave ak dlo frèt, Tann rad sou liy

Itilize dlo frèt pou w ka lave rad epi tan yo sou yon liy depi sa posib. Sa pral diminye kantite enèji ki itilize ak chak fwa yo lave – ekonomize lajan wap peye bil yo. Ou vle fè plis? Konsilte gid [MassSave's Buying Guide](#) pou kapab jwenn enèji efikas, ENERGY STAR apwove machin a lave ak seche.



Manje plis sa ki Anba nan Chèn Alimantè a

Ou pa bezwen tounen yon vejetaryen, men limite nan kantite vyann wap manje kapab fè yon gwo diferans nan kantite anprint kabòn ou. Selon [EPA](#), apeprè 10% de tout emisyon gaz a efè de sè yo Ozetazini vini de elvaj animal. Kidonk, lèw chwazi pou manje mwens vyann, wap fè yon bon chwa pout tèt ou ak pou planet la. Chache pwodwi lokal, ki frèch epi ki an sante nan [Somerville's Mobile Farmer's Market](#).



Chofe nan Sezon Prentan sa

Enstale ekipman chofaj nan kay ou ak yon mezi ki pap koute anyen epi ensilasyon ki pa koute chè, ki disponib nan [Mass Save](#), kapab ede ekonomize plis ke 20% nan lajan wap peye bil elektrisite yo epi kap fè w plis alèz lakay ou chak ane. Oubyen chwazi chemin DIY epi mete plastik nan fenèt vo nan sezon prentan an pou ka fè ou



Chwazi LEDs epi Ekonomize

Chanje anpoul ki klere anpil yo pou yon lòt ki rele LED, li pral itilize mwens enèji epi lap ede ekonomize dè santèn de dola lèw itilize yo. Anpoul LED ki dire sa yo disponib nan yon pri abòdab nan [Mass Save](#). Konbyen anpoul ou te kapab ranplase?

Pou ketsyon? Kontakte Hannah Payne ki se Sustainability Coordinator nan hpayne@somervillema.gov 617-625-6600 ext 2422



Panse a reyitilize

Meyè fason pou ka redwi fatra se pou dabò pa fè fatra. Nou kapab fè sa lè nou pa jete bagay nou sèvi men nou reyitilize yo depi sa posib. Anpil nan nou deja pote bag nou deja itilize lè nap fè shopping, men nou te kapab fè plis ke sa, pote dejene nou nan yon kontènè reyitilizab, pran kafe nan tas paw, di non ak kiyè, fouchèt, ak kouto plastik lè wap manje lakay oswa nan travay, epi bwe dlo nan robinè olye dlo nan galon plastik. Plis nou kapab retire fatra nan rivye yo, se plis plis tan nou kapab fè. Ki lòt bagay ou kapab reyitilize?



Turn it Down or Turn it Up

Mete temostat ou kelke degre pi fre an pretan epi kelke degre plis cho an ete. 18% emisyon nan Somerville soti lè pèp la itilize gaz, epi fason nou ka chofe kay nou yo. Ede redwi emisyon an itilize sitè oubyen rad kap fèw cho olye de peye pou chofaj ki koute chè. Epi nan sezon ete, femen èkondityone yo lè w pa lakay epi chache yon fason pou jwenn lè natirèl depi sa posib.



Chanje Bagay yo epi Itilize Solèy

Ou pare pou fè yon chanjman pou netwaye lè a. Chache konnen si twa kay w la kapab kenbe panè solèy epi swiv lis de pèmisyon vil Somerville la pou ka fèl travay. Plis ke 100 kay nan Somerville te itilize pane solè akoz pwogram Solarize a nan lane 2016. [Aprann plis de pwogram solarize a nan vwazinaj ou.](#)



Femen epi Deploge

Deploge elektronik epi femen limyè yo lè w pap itilize yo. Aparèy tankou chajè telefòn ak tele itilize enèji menm lè yo ploge san yo pa an fonksyon. Depatman Enèji a estime ke "[vanpi enèji](#)" sa yo kapab adityone jiska 10 pousan bil elektisite yo. Pa peye pou enèji ke wap gaspiye pou ryan. Deploge chaje w yo oubyen itilize miltiplog kote ke w kapab peze yon bouton pou femen anpil aparèy elektronik yon sèl kou.



Kiltive yon Kominote de Pataj

Prete oubyen pataje bagay ou pa telman itilize souvan. Prete liv ak film nan yon [bibliyotèk](#). Bay bagay ansyen w yo oubyen fè don ak rad, founiti, ak aparèy elektronik ou pa bezwen ankò yo. Eseye [pataje bisiklèt](#) ak machin. Jwenn oubyen komanse zouti bibliyotèk epi pataje l ak vwazin w. Achte mwens bagay pou kapab ekonomize plis lajan, redwi fatra, epi pataje èd pou konstwi yon kominote.



Pale zanmi w, fanmi w, ak vwazin w

Pale de aksyon ke w pran lakay an pèsòn oubyen nan rezo sosyo yo. Pataje eksperyans ou avèk zanmiw ak fanmi w pou ka konvenk yo fè yon aksyon nan klima a kap chanje a tou. Yon sèl aksyon ka parèt piti men lè gen plizyè yo ka vin yon gwo rezilta. Ou vle konnen plis? Panse ak patisipe yon gwoup aksyon klimatik lokal oubyen rasanble vwazin w yo pouk a fè yon gran pwojè.

Kesyon? Kontakte Hannah Payne ki se Sustainability Coordinator nan hpayne@somervillema.gov 617-625-6600 ext 2422